## Сийлахь-беркате мархин бутт

## БисмиллахIиррохьманиррохьим

## Дешхьалхе

Хастам бу, Рамадан бутт сийлахь бина, оцу баттахь къинхетам, комаьршалла совйоккхуш волчу АллахIна. Делера салам-маршалла хуьлийла мархин баттахь Iибадат дар совдоккхуш хиллачу, Дала вазвина ваийтинчу Мухьаммад-пайхамарна, цуьнан доьзална, асхьабашна, царна тIаьхьабаьзначарна а.

Везчу АллахIа Мухьаммад-пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) умматах къинхетам барца, иза кхечу умматех къастош баийтина бу мархин бутт – Рамадан. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен асхьабашка (Дела реза хуьлийла царна) олуш хилла: **«ТIекхечи беркате, Дала марха кхаба омра дина болу, Рамадан бутт. ХIокху баттахь стигланийн неIарш дIайоьллу Дала, жоьжахатин неIарш дIакъовлу, шайтIанашна буржалш туху. Рамадан баттахь йогIу эзар баттал еза, беркате буьйса, оцу буьйсанан мелах ваьлларг боккхачу мелах ваьлла».** *Ахьмад, Насаи.*

Цундела Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) асхьабаш (Дела реза хуьлийла царна) Рамадан бутт дIабаьллачул тIаьхьа ялх баттахь (и дIабаларна) гIайгIане, сингаттаме а хуьлура. Ткъа шеран йисина хан, Рамадан бутт кхачаре сатуьйсуш, иза ларбеш йоккхуш хилла цара.

Делан сийлахь деза фарз ду мархин бутт кхабар. ХIора бусалба стагана тIехь ду, шен динан баххаш, фарзаш довзар. ХIара жайна Делан дуьхьа, марханех лаьцна шариIато бохург довзийтаран Iалашонца вовшахтоьхна ду. Жайна дешначунна хуур ду, марха кхабар деза Iибадат хилар, девзар ду цуьнан арканех дерг. Ишшта кхетам кхоллалур бу марха дохочу бахьанех, шариIато иза тIерадолуьйту Iузарлонаш евзар ю, кхабанза дисинчу марханашна бен бекхам а билгалбер бу. Нехан цхьадолчу хаттаршна оха деллачу жоьпех пайда хила мега дешначунна.

## БисмиллахIиррохьманиррохьим

ШариIатехь болу марха кхабаран кхетам – бусалба стаг ша Делан дуьхьа динчу ниййатца, Iуьйра ламаз хан тIехIоьттича дуьйна, маьркIажа хан хиллалц, массо марха дохочу хIуманах (яарх, маларх, зудчуьнца цхьаьна Iерах …) вухакхетар ду. Мархин бутт кхабар массо бусалба стагана фарз дина АллахIа. Мархин бутт - Рамадан – бусалба нехан шеран уьссалгIа бутт

бу. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«И Рамадан бутт бу иза, шена чохь Къуръан доссийна, нахана нийсо йолуш, нийса дерг билгалдеш, хьарам-хьанал къастош, оцу батте ваьллачо иза кхобийла».** *«Аль-Бакъарат», 185.*

Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ислам** (бусалба дин) **пхеа хIуманна тIе доьгIна ду: АллахI воцург кхин дела вац, Мухьаммад - АллахIан Элча ву аьлла тоьшалла дарна, ламаз дарна, закат даккхарна, ХьаьжцIа вахарна, Рамадан бутт кхабарна».** *Бухари, Муслим.*

Марха фарз дац аьлла инкарло еш дуьхьалваьлларг шариIато вен кхачош ву, нагахь иза вехачу пачхьалкхехь шариIатан низам делахь. Амма марха фарз хиларна къера волуш, шен Iосаллина и кхабар дIатоьттуш волчуьнга, бусалба паччахьо чуволлийтина, юучух-молучух хадийна, марха кхабийта дезаш ду.

## Марха кхабаран хьикмат, цунах болу пайда

Уггар хьалха бусалба стагана хаа дезаш ду, мархин бутт кхабар Дала фарз дина тIедиллина Iибадат хилар. И бохург ду, марха кхаба аьлла Дала дина омра, вай Цунна муьтIахь хиларца кхочушдан дезаш хилар. И Делан омра кхочушдан дезаш ву бусалба стаг, хинйолчу тIаьхьенан ойла ца еш, хIунда аьлча АллахIан хIора фарз (ламаз, марха, закат, хьаьждар …) шеца нахана пайда болуш ду. Делахь а и пайданаш вайна берриге бовза, ган а таро яц. Оцу пайданех долу Iилма массо хIума хууш волчу АллахIехь ду. Мархин бутт кхабарехь вайна гуш болу пайданаш хьахор бу вай:

1. Марха кхабаро адаман Делаца йолу юкъаметтиг чIагIйо, шен дегIан лаамаш бухатуху цо, Делан дуьхьа, шен марха ца дохорхьама. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: «Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Адамо еш йолу массо а Iамал цунна ю, марха доцург, баккъалла, иза Суна ду, Ас цунна дуьхьал бекхам бийр бу».** *Бухари, Муслим.*

2. Мархин бутт Дала базбина бу. Оцу баттахь диссийна Таврат, Инжийл, Сийлахь Къуръан а. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«ИбрахIиме жайнаш Рамадан беттан хьалхарчу буса диссийна, Таврат – Рамадан беттан йолхалгIачу дийнахь доссийна, Инжийл – кхойтталгIачу дийнахь, Къуръан – Рамадан беттан ткъе доьалгIачу дийнахь».** *Ахьмад.*

Мархин беттан хьалхара итт де Дала Шен лех къинхетам беш догIу денош ду, цуьнан юккъера денош - Дала Шен лешна гечдар дохьуш догIу, ткъа мархин беттан тIаьххьара кхоалгIа дакъа - марха кхобурш жоьжахатин Iазапах хьалхабохуш догIу.
АллахIна лаьа оцу безчу баттахь Шен леш Iибадатехь совбуьйлийла, царна мела алсам хилийтархьама. Мархин баттахь йогIу, шех Лайлатуль-Къодр олу буьйса. Далла гергахь еза ю шена чохь дуьххьара Къуръан доссийна йолу и буьйса. Везчу АллахIа боху Сийлахьчу Къуръана чохь: **«Лайлатуль-Къодр буьйса** (оцу чохь йина Iамал) **дика ю эзар баттал».** *«Аль-Къодр», 3.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Рамадан баттахь, иза фарз хиларх теша а тешаш, шена Делера ял хиларе дог а дохуш марханаш кхаьбначунна гечдийр ду - цуьнан дIадаханчу къиношна».** *Бухари, Муслим.*

3. Адамийн юкъараллехь собар, оьздангалла, гIо-накъосталла, дика мел долу гIиллакхаш кхиор. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Марха кхабар жоьжахатих** (Iесаллех) **ларвалар ду. Марха кхобучо оьзда доцу къамелаш ма дойла, мохь ма хьоькхийла, цхьамма шена вуон дош алахь я дов хьедахь, цо олийла собарца: «Баккъалла, марха ду-кх сан».** *Бухари.*

4. Марха кхабар могашаллина пайде ду. Марха кхабарца дарба хуьлуш йолу дуккха цамгарш гучуяьхна лоьраша. Царах ю цхьайолу цIийлеларан цамгарш, энаш, чуьйрийн цамгарш…

## Марха къобал хиларан бехкамаш:

1. Бусалба хилар.
2. Пхийттара ваьлла волуш, хьекъалехь хилар. Пхийттара валаза волчунна тIехь фарз дац марханаш кхабар, делахь а, цуьнан дас-нанас кхабийта деза цуьнга марханаш ворхI шо кхаьчча дуьйна, нагахь санна цуьнан уьш кхаба ницкъ кхачахь. Итт шо кхаьчначул тIаьхьа цо ца кхабахь, дов дан а, меллаша тоха а мегар ду цунна.
3. Марха кхаба ца магош долчу бахьанех, я марха даста магош долчу бахьанех цIена хилар.

## Дагардийр ду вай марха кхаба ца магош долу бахьанаш:

а) Зудчунна хIора баттахь догIу цIий, берах паргIатъяьлча догIу цIий гучудалар.
б) Iуьйранна сарралц йолчу ханна кхетамах валар я жинийн хьу хьакхаялар. Ткъа нагахь санна цу дийнан цхьайолчу юкъана веана а юха кхетамчу вагIахь, яахIума ца юуш марха дIакхабар важиб хуьлу цунна. Адамана тIех ницкъ беш болу мохь дIабахьар Дала тIедожош дац. Цуьнца доьзна шариIато магийна бехказлонаш, дайдарш ду, Iибадат дарехь адамна аьтто бан.

## Марха даста магош долу бахьанаш:

а) Мархано цамгар чIагIйийр елахь, лазар-сингаттам совбоккхур белахь. Нагахь санна марха кхабаро лазар совдаьккхина, хIаллакьхиларна кхерам белахь, и марха дохор важиб хуьлу.
б) Гена, 83 километрал бехачу, новкъа волуш велахь. Новкъаваларан Iалашо шариIатца йогIуш хила еза, марха лацале новкъаваьлла хила веза. Марха лаьцна волуш новкъаваьллехь, и марха дохо мегар дац. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цомгуш волчо, некъахочо а марханаш кхечу деношкахь кхобийла».** *«Аль-Бакъарат», 185.*
в) Марха кхаба ницкъ ца кхачар. Къаналлина я гIоли хиларх догдилларца долу (хронически) цамгар бахьанехь ницкъ ца тоьучунна, марха кхабар важиб дац. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Марха кхаба ницкъ боцчо, бекхамна миска нах бузабойла».** *«Аль-Бакъарат», 184.*

Iеламнаха аьлла, кхабалучо, некъахь хилча а марха кхабар гIоли ду, хало хуьлучо ца кхабар гIоли ду.

## Мархин арканаш

Арканаш дукхаллин терахьехь долу дош ду, цхьаллин терахьехь царах рукна олу. Iарбийн маттера гочдича, иза хуьлу хIума латтаран бIогIам, хIуманна тIетовжар, гIортор бохург. Рукна кхочуш ца хилча, Iибадат къобал ца хуьлу. Масала, бисмилла дешар ламазан арканех цхьа рукна ю, и ца дешахь, ламаз хир дац.
Мархин бутт кхабаран ши рукна ю:
1) Марха кхаба ниййат дар.
2) Iуьйра ламазан хан хиллачул тIаьхьа маьркIажа хан хиллалц массо марха дохочу хIуманах ларвалар.

И ду, оцу шина рукнех цхьаъ я ший а кхочуш ца хилахь, марха духу бохург. Ниййатах лаьцна жимма дуьйцур ду вай. Ниййат дар дагца хила деза, маттаца аларх тоьуш дац. Маттаца ниййат дар – и нийса хиларан бехкам бац,

амма суннат ду. Мархин баттахь ниййат дарехь терго ян дезаш хIара хIуманаш ду:
– хIора марха кхабаран ниййат хьалхарчу буса, Iуьйра ламазан хан хилале, дан дезаш ду. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Буса, Iуьйра ламазан хан хилале, марха кхаба ниййат ца динчун марха хир дац».** *Тирмизи.*
– кхаба ниййат долу марха билгалдаккхар. Ниййат иштта дича мегар ду: «Ас ниййат ди, хIокху шеран Рамадан беттан фарз марха Делан дуьхьа кхана кхаба», – аьлла.
– ниййат хIора буса, марха лоцуш, дар. Мархин бутт кхаба ниййат дарх тоьуш дац, хIунда аьлча мархин бутт кхабар цхьа Iибадат хилла ца Iа, тIаьхье-хьалхе масийтта Iибадат ду, хIора денна кхочушдеш долуш. Цундела хIора Iибадатна шен-шен ниййат дан деза.

Ткъа суннат марханаш кхобучо буса ниййат дар, кхобуш дерг муьлха марха ду аьлла билгалдаккхар тIедиллина дац. Iаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, цхьана дийнахь Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) веара ша йолчу, цо шега хаьттира, аьлла: **«Яа хIумма юй вайгахь?»** Аса элира: **«Яц».** Цуо элира: **«ТIаккха ас марха кхобур ду-кх».** *Муслим.*

## Марха кхабарца долу гIиллакхаш

Марха кхабарца доьзна долу гIиллакхаш билгалдохур ду вай. Царна юкъадогIу:
– **малх чу ма-буьззи марха дастарца сихо яр.** СахIлан кIанта СаIда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Дика хьоьгучуьра совцур ма бац нах, суьйранна марха дастарехь цара сихо мел йо».** *Бухари, Муслим.*
**– Хурманца марха дастар.** Хурма яцахь, хица дастар дика ду. Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **ша ламаз дале хьалха марха достура тIедачу хурманашца; тIеданаш ца хилча, екъачаьрца достура; уьш а ца хилча, хин къурд бой а достура цо».** *Абу Давуд, Тирмизи.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) кхин а аьлла: **«Шух цхьаъ марха достуш хилахь, хурманца достийла цо иза, ткъа шена иза ца кара яхь, хица достийла, бакъ долуш, иза цIена ду».** *Тирмизи, Абу Давуд, Насаи, Ибн МажахI.*

– **Іуьйкъанна хІума яар.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Іуьйкъанна хІума яа аш, баккъалла а, цуьнца шуна беркат ду».** *Бухари, Муслим.*

– **Іуьйкъанна хІума юуш Іер мелла тІаьхьататтар**. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Сан уммат дика хьоьгучуьра соцур дац, суьйранна марха даста сих мел ло, Іуьйкъанна хІума кхаллар тІаьхьа мел тотту».** *Ахьмад.*

– **Іуьйкъанна юуш, молуш а ерг Іуьйра ламазан хан хилале сацаяр.** Сабитан кІанта Зайда (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: **«Оха Іуьйкъе йира Делан Элчанца** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)**, тІаккха хьала а гІевттина, ламаз дира оха».** Зайде хьаьттира тІаккха: **«Мел хан яра Іуьйкъенна а, ламазна а юкъахь?»** Цо жоп делира: **«Шовзткъе итт аят дешшал».** *Бухари, Муслим.*

– **оьзда мел доцу хІума** (гІийбаташ дар, аьшпаш боттар, нехан зударшка бІаьрг беттар, эшаршка ладегІар…) **дитар**. Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Харцдерг дийцар, цуьнца Іамал яр а Іад ца дуьтуш волчо даар а, малар а Іаддитар оьшуш вац АллахІ».** *Бухари.*

Вай лакхахь хьахийначу хІуманаша марха доха ца дахь а, цуьнан мела иэшабо. Оцу кхачамбацарех мархин баттахь ларвелла ца Іаш, цул тІаьхьа йогІучу заманахь ларлуш дІаваха веза бусалба стаг.

– **лийчар тІедоьжнехь, Іуьйра ламазна молла кхайкхале лийчар**. Лийчар тІедожаро марха лацарна дуьхьало ца йо. Делахь а, цІена волуш марха лацар дикох ду.

– **ДегІах цІий даккхар дитар.** Цо марха кхобучун ницкъ иэшабо.

– **суьйранна марха достуш**: **«АллóхІумма лака сумту, ва Іалá ризкъика афтІорту, захІабаз-зомау, вабталлатиль-Іурýкъу, ва сабатал ажру ин шá АллóхІу** (Я АллахІ, Хьан дуьхьа кхеби аса хІара марха, Ахьа деллачу рицкъанца достуш ду. Хьогалла дІаели, пхенаш тІундели, Дала мукъалахь, мела хили)**»**, – алар.

– **марха кхобучарна марха достуш хІума яор, и яо аьтто бацахь, хурма елла я хи малийтина марха дастийтар**. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Марха долчунна марха достуш хІума яийначунна, и марха кхаьбначунна санна мела хир бу, кхаьбначун мелах иэшам ца хуьлуш».** *Тирмизи.*

– **сагІадалар совдаккхар, Къуръан дешар, Іамор, Рамадан беттан тІаьххьарчу итт буьйсанна маьждигехь иІтикаф дар** (цІа ца воьдуш, Іибадат деш сацар). Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цхьаммо хаьттира, аьлла:

**«ХӀай Делан Элча, уггаре деза сагӀа муьлха ду?»** Цо жоп делира: **«Рамадан баттахь деллараг ду»**, – аьлла. *Тирмизи.*

Марха кхабарехь карахӀат дерг (нежелательное) – массо мархин гӀиллакхашца ца догӀу хӀуманаш ду. Цхьадолу карахӀаташ, масала, суьйранна марха дастар тӀаьхьатеттар, Ӏуьйкъанна юург хьалхе яар, шайна гена мел хуьлу мархин ял алсам хир ерш ду. Кхидерш – хьарам хӀуманашна юкъадогӀу, масала, харц тоьшаллаш дар, пуьташ боттар, гӀийбат дар, эладитанаш дийцар, оьзда доцу къамелаш дар.

## Марха дохаран бахьанаш

Лахахь дагардинчу бахьанашца доьзна хуьлу марха дохар:
1) ХӀума яар, малар (вицвелла, мел дукха йиънехь, марха духуш дац). Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шух цхьамма вицвелла хӀума йиъча я хи мелча, цо шен марха кхочушдойла, баккъалла а, цунна яийнарг а, малийнарг а АллахӀ ву».** *Бухари, Муслим.*
2) БӀаьрго лоцуш йолу хӀума дегӀана чуяхар (коьрта чу, адаман бехкечу шина меттигехула, логал чоьхьа). Лерга чу хи дахаро, клизма яро а марха дохадо, амма бӀаьрга чу хи дахаро, пхенах маха тохаро ца дохадо. Логах чоьхьа чуьрк я моза иккхича, чан яхча, туй логал чоьхьа даьлча, марха ца духу, цунах ларвала чӀогӀа хала долу дела. Амма багахь гулделла боьха туй, масала, доьлех цӀий Ӏийдалуш долуш, бага кхаьрзина хи доцуш, цуьнан туй кӀайделлехь, марха духуш ду. Ламаз оьцучу хенахь бага, мерчу хи кхорзучохь хи кийра эккхаро марха ца дохадо, нагахь санна ша и болх барехь кӀорге ца гӀиртинехь я доьазлагӀа кхорзуш ца хиллехь. Амма хи кхарзарехь соввийлар бахьанехь я доьазлагӀа кхорзуш хи логал чоьхьа эккхахь, марха духур ду, хӀунда аьлча вай лакхахь ма-аллара, бага, мерчу хи кхарзарна кӀорге гӀертар дихкина ду марха долчунна.
Цергаш юкъахь дисина цуьрг (къасто хала хиларна, туйнах къасталур доцуш), и даар Ӏалашо йоцуш, туйнаца кийра додахь, марха ца духу. Амма багахь хаалуш доккха цуьрг долуш, и даахь, марха духуш ду.

Вай лакхахь дийцинарг - марха дуй а хууш, лаамехь хилларг ду, амма нагахь санна марха хилар диц а делла царах муьлхха а нисделлехь, марха духуш дац.
3) Шен лаамехь Ӏетторо марха дохадо, багахь йиснарг юха кийра ца кхаьчнехь а. Амма, лаамза Ӏеттийначун марха дохац, багахь йиснарг юха кийра иккхинехь а.

4) Багахь марха долуш лийчар тӀедужучу кепара зудчух кхетаро марха дохадо, бехке меттера тӀуно ца яьллехь а. Амма гӀан-набарехь тӀуно яьллехь, ца духу марха.
5) Куьйган гӀоьнца я барташ бохуш хьакхаваларца бехкен меттара тӀуно яккхаро марха дохадо. Амма шен лаамза нисделлехь, марха ца духу.
6) ХӀора баттахь зудчунна догӀу цӀий даро я доьзалхочух паргӀатъяьлла, цӀанонан цӀий даро марха дохадо.
7) Хьекъалх тилар, хьеравалар, Исламах юхакхетар.

## Мархин сахь даккхар

Мархин сахь – Ӏарбийн маттахь закатуль-ФитӀр олу цунах – хӀора бусалба стага, тӀаьххьара марха чекхдаьллачу суьйранна, ша напха латто декхар волчу охӀланна тӀера бала билгалбина барам бу. ХӀора жима, воккха, стен, боьрша волчу бусалба стагана тӀера мархин сахь даккхар важиб ду. Бухарис далийначу хьадисехь ду, Ибн Ӏумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) элира, аьлла: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **важиб дира, лай я маьрша, боьрша я стен, жима я воккха волчу хӀора бусалба стагана тӀера хурманашца я мекхаца** (ячмень) **мархин сахь даккхар. Цо омра дира, нах Ӏийдан ламазе бахале хьалха и даккха аьлла».**

## Мархин сахь важиб деш болу бехкамаш

1) Бусалба хилар.
2) Мархин беттан тӀаьххьарчу дийнахь малх чубузар.
3) Мархин Ӏийдан деношкахь шена, шен охӀланна а оьшучу напханал совдаьлла даьхни хилар.

## Мархин сахь даккхар хьанна тӀехь ду?

Лакхахь хьахийна бехкамаш кхочушхилла болчунна тӀехь ду, ша напха латто декхар волчу охӀланна тӀера мархин сахь даккхар. Дукхахьолахь, иза хӀусамда хуьлу. Шен доьзал схьагулбина, дуьххьара шена тӀера доккхуш, мархин сахь даккха волалур ву иза. Шена тӀера мархин сахь доккхуш волчо иштта эр ду: **«Ас ниййат ди, сайна тӀера фарз мархин сахь даккха, Делан дуьхьа».** Цул тӀаьхьа, ша напха латто декхар болчарна тӀера дохур ду цуо мархин сахьаш. Оцу тӀехь хӀара рагӀ ларъяр дикох лерина: хьалха ша, шен хӀусамнана, пхийттара валаза волу доьзалхо (цхьаъ я массийтта велахь а), шен да, нана, шена напха даккха ницкъ ца кхочуш волу воккха доьзалхо.

Пхийттара ваьллачу доьзалхочунна тIера сахь доккхуш пурба даккха деза: **«Хьайна тIера фарз мархин сахь даккха суна пурба делин ахь?»** - аьлла. Цо эр ду: **«Пурба дели».** Сахь доккхуш волчо эр ду: **«Ас къобалди. Ас ниййат ди, хьанехана** (шена тIера мархин сахь доккхуш волчун цIе йоккхур ю) **тIера фарз мархин сахь даккха, Делан дуьхьа».**

### Мархин сахь доккху хан

Мархин сахь даккхар важиб йолу хан - тIаьххьара марха чекхдаьлла суьйре ю. Делахь а, мархин сахь даккха магийна ду мархин баттахь муьлххачу хенахь, марха дастаран хьалхарчу Iийдан дийнахь а. Суннатехь дерг, мархин сахь Iийда ламаз дале даккхар ду. Бухарис далийначу хьадисехь деана, Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) элира, аьлла: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **омра дира нахе, мархин сахь Iийдан ламаз дале даккха, аьлла».**

### Мархин сахьана доккхуш дерг

Мархин сахь даккха магийнарг – махкахь кхачанна дукха лелош дерг ду: кIа, мукх, дуга, хьаьжкIа… Цуьнан барам – 2 кийла 400 грамм. ШафиIин (Дала къинхетам бойла цунах) мазхIабехь, ялтанан метта цуьнан мах бала мегаш дац. Амма оцу мархин сахь даккхарехь, Хьанафин (Дала къинхетам бойла цунах) мазхIабна тIе а тевжина, ялтанан метта цуьнан мах бала мегар ду. Лулара дIаволавелла, куьпахь болчу гIийла-мискачарна дIадоькъур ду мархин сахьаш, хье ца луш. Мархин сахь даккхар Iийда де чекхдаллалц дIатеттинчух къа леташ ду, и доьккхуш даккха дезаш ву иза.

### Рамадан беттан марханаш доькхуш кхабар, тIера фидьят (выкуп) ялар

<u>1. Некъахо я цомгуш хилар бахьанехь марха ца кхаьбнарг</u>

Новкъавалар, цамгар а бахьанехь кхабаза дисина марханаш керла мархин бутт тIекхачале доькхуш кхабар важиб ду. Мало йина, уьш ца доькхуш шолгIа мархин бутт тIекхачийтахь, къа а лета, хIора доькхуш кхабанза дисинчу мархина тIера фидьят яла а еза. Цуьнан барам бу – 600 грамм, вехачу махкахь кхачанна дукха лелош дерг: кIа, мукх, дуга, хьаьжкIа…Иза къечу нахана дIакхачо деза. Марха ца доькхуш шо мосазза дели, хIора шарахь цунна тIера фидьят яла езаш ю.

Нагахь санна керла мархин бутт тIебале дисина марха декха йиш йоцу бехказло оцу стагехь хиллехь, масала, дийнна шарахь цомгуш хилар…,

тIаккха фидьят ялар тIе ца дужу цунна, дисина марха доьккхуш кхаьбчахьана волу иза. Дисина марханаш декха йиш ца хилла веллачунна тIехь къа дац, цуьнан нисдан оьшуш даьлла гIалат дац и марха декха цакхиар. Амма дисина марха декха йиш йолуш стаг лахь, цуьнан велис (верасо) дисина марханаш кхабар суннат ду. Iаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шена тIехь кхаба дезаш фарз марханаш а долуш, веллачунна тIера марханаш кхобур ду цуьнан верасо».** *Бухари, Муслим.*

Верас воцчо мегар ду веллачунна тIера марханаш кхаба, оцу верасо пурба лахь. Амма гергарчун пурба доцуш, я веллачо дина весет доцуш, цхьаммо цуьнан метта доьккхуш кхаьбна марханаш къобал хир дац. Веллачун метта цхьаммо марха ца кхабахь, цуьнан даьхни тIера хIора дисинчу мархина дуьхьал фидьят лур ю, цуьнан декхар токхуш санна. Веллачун даьхни дацахь, кхечо цуьнан метта яла мегаш ду и фидьят.

<u>2. Къаналлина марха ца кхабалуш я товаларх догдиллина цомгуш верг</u>

Къеначунна, гIорасиз волчунна, товаларх догдиллина цомгашчунна тIехь ду, цаваьллачу денна дохийначу марханийн метта фидьят ялар. Цуьнан барам вай лакхахь хьахийннарг бу. И доцург, кхин цхьа а хIума дац цунна я цуьнан верасана тIехь.

<u>3. Берах йолу я бер дакхош йолу зуда</u>

Оцу шина зудчо марха дохор ду, шайна я берана зен хиларх кхерарна. Нагахь санна марха кхабаро шайна зен дарх кхоьруш марха дохийнехь, и доьккхуш кхабар тIехь ду царна керла мархин бутт тIебале.

Берана зен-зулам хиларна кхоьруш марха дохийнехь, оцу шинна тIехь ду марха доьккхуш кхабар, хIора дохийначу мархина тIера фидьят ялар а.

## Мархин баттахь дохийначу мархин тIера капарат даккхар

Капарат – адамо ша латийна къа бахьанехь токхуш долу гIуда ду. И даккхар важиб хилла тIедужуш ду мархин беттан дийнахь шен хIусамненаца эвхьаза хи тIедожаран юкъаметтиг лелийначунна. Амма вицвалар бахьана долуш, я хьарам хилар ца хаар бахьана долуш шен зудчуьнца мархин беттан дийнахь эвхьаза юкъаметтиг яийтинчунна тIе капарат ца дужу, делахь а и де доьккхуш кхаба деза цо. Капарат дала дезар цхьана стагана (майрачунна) бен тIехь дац. Зудчо дала ца деза капарат. Капарат далар: бусалба лай маьршаваккхар ду, стаг хуьлийла иза я зуда (хIокху заманахь иза ца хила герга ду). И ца далахь, денош юкъахь а ца дуьтуш, шина баттахь марханаш

кхабар ду. Иза ца далахь, шен махкара юкъарчу даарца цхьацца кан даар а луш кхузткъа миска стагана кхача балар ду. Царах цхьа а хIума далуш вацахь, аьтто хиллалц тIаьхьадуьсуш ду цунна капарат даккхар. Капарат даккхаран бух Абу ХIурайратан (Дела реза хуьлийла цунна) хьадис ду: «Тхо Пайхамарца (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хийшина Iеш долуш, цхьа стаг веара иза волчу. Цо элира: **«ХIай Делан Элча, хIаллакьхили-кх со».** Цо хьаьттира: **«Стен хIаллакьвина хьо?»** Цо элира: **«Рамадан баттахь сайн зудчуьнца эвхьаза гIуллакх хилла сан».** Цо элира тIаккха: **«Лай паргIатваккхалур вуй хьоьга?»** Цо элира: **«ХIан-хIа».** ТIаккха цо элира: **«ТIаьхьий-хьалхий ши бутт марханаш кхабалур дуй хьоьга?»** Цо элира: **«ХIан-хIа».** ТIаккха цо элира: **«Кхузткъа миска стагана бала кхача хир буй хьан?»** Цо элира: **«ХIан-хIа».** ТIаккха иза охьахиира, цул тIахьа Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цхьана пхьегIи чохь хурманаш еара. ТIаккха цо хьаьттира: **«И стаг мичахь ву?»**
- Со кхузахь ву, - олуш, вистхилира иза.
- ХIара хурманаш хьайна тIера капаратана ло, – элира Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна).
- ХIай Делан Элча, сайл къечунна ло бохий ахьа соьга хIорш? ВаллахIи, сан хIусамал къен хIусам ма яц сан лулахь.
Цергаш гучуйовлуш вела а велла, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира цуьнга: **«Хьайн доьзална яае уьш».** *Бухари, Муслим.*

Iеламнаха билгалдаьккхина, юучу хIуманца капарат даккхалуш волчу къечу стеган бакъо яц и хIума шен доьзална яо. Ткъа хIокху хьадисехь и бакъо елларг билггал и цхьа стаг бен вац. Ала догIу, вай хьахийначу кепара зудчух кхетарца дохийна марха доькхуш кхаба дезар, капарат оцу кепара дохийначу хIора мархина тIера даккха дезар. Масала, мархин беттан шина дийнахь и юкъаметтиг нисъеллачо, ши марха доькхуш кхаба деза, шозза капарат даккха деза.

## Хаттарш, жоьпаш

- Марха долчу зудчо ша кхача кечбечу хенахь, цуьнан чам баккха мегий?
- *Мега, меттан буьхьиг тIеIоттарца, шен къамкъарге цунах хIума кхачарх лар а луш.*

- Рамадан баттахь, дийнахь, церг (кхела) дIаяккхийта я тояйта мегаш дуй?
- *Церг (кхела) дIаяккхийта я тояйта мегаш ду, кийра хIума яхарх ларвелчахьана.*

- Рамадан баттахь, дийнахь набкхетта, гIенах ле а вина, фарз лийчар тIедоьжначо хIун дан деза?
- *Цуьнан марха ца духу.*

- Марха лоцучу буса менструаци чекх а яьлла, лийча а ца луьйчуш, марха лаьцначун болх муха бу?
- *Цуьнан марха нийса лору.*

- Стеган бакъо юй шен зудчуьнга Рамадан беттан марханаш ца кхабийта?
- *Нагахь цуьнан зуда берах я бер дакхош хилла, и бахьанехь цунна зен хиларх кхоьруш вацахь, бакъо яц.*

- Ламаз деш воцчо кхаьбна марха нийса дуй?
- *Нийса ду, амма ламаз дитарна къа хуьлу цунна.*

- Багахь марха а долуш, сивак хьакха мегий?
- *Мега, цунна тIера схьаяьлла хIума кийра ца яхийтачхьана.*

-Рамадан бутт тIехбаллалц, шена менструаци ца хилийта молха меллачу зудчун марха мегар дуй?
- *Цуьнан марха мегар ду, амма цу молхано могашаллина зен дахь, иза малар хьарам ду.*

- Рамадан баттахь, марха долчу хенахь, цергаш юьлуш болу гIирсаш (паста, порошок…) лело мегий?
- *Буса мега, амма дийнахь лелор дика дац.*

- Рамадан баттахь таравийхь ламазаш дар зударшна суннат дуй?
- *ХIаъ, таравийхь ламазаш дар суннат ду божаршна, зударшна а.*

- ДегIана чкъурах маха тоха мегий марха долуш?
- *Мега.*

- ДегI шелдархьама хи чохь лийчаро, я тIадийна бедар юхаро марха дохадой?
- *Ца дохадо, хинан шело кийранна хааеллехь а.*

- Мархин баттахь дийнахь IатIар тоха мегий?
- *Мега, амма ца тохар гIоли ду.*

Лераме вежарий, йижарий! Вайн ма-хуьллу, Іибадатехь совдовла, къинойх цІандала хьовса деза вай оцу безчу Рамадан баттахь. Кхаьбнарг воккхавуьйш, мало йинарг дохковуьйлуш, сиха чекхболу и бутт. Иштта ю шуна вай дуьненан оьмар, Дала Шена Іибадат дан, дикачу гІуллакхаш тІехь совдийла, вай зен, кхечу кепара аьлча - эхартана кечамбан вайна елла хан. Цуьнан ойлаеш хила деза вай. Шемарчу Іеламстага Абу Салмана ма-аллара, вай хІокху дуьненахь жимма къахьегчахьана, Дала вайна кечдина доккха совгІат ма ду, Комаьршачо вайна луръерг ялсамани ма ю!

Веза, Сийлахьчу АллахІа Ша реза волчу кепара мархин бутт кхаба ийман, хьуьнар, собар лойла вайна, Шен къинхетамца ялсаманин охІанах дойла вай! Хастам бу, Іаламаш кхиош, кхобуш волчу, АллахІна!

Жайна тІедуьзна а, тодина а ду
ХІоттийнарг – А. А. Илесов
Рецензенташ – М-Э. Р. Эдихаджиев, С. Р. Магамедов
Редактор – А.А. Гайтукаев
Верстка – С-М. Тасуев

Издание дополненное, переработанное
Составитель – А. А. Илесов
Рецензенты – М-Э. Р. Эдихаджиев, С. Р. Магамедов
Редактор – А.А. Гайтукаев
Верстка – С-М. Тасуев